**Министерство культуры Российской Федерации**

**Федеральное государственное бюджетное образовательное учреждение высшего профессионального образования «Северо - Кавказский государственный институт искусств»**

**Кафедра актерского мастерства**

«Утверждаю»
проректор по учебной работе
Б.Г.Ашхотов
29 августа 2014 г.

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА ДИСЦИПЛИНЫ

## РОДНОЙ ЯЗЫК И ЛИТЕРАТУРА

**Уровень высшего образования**

**Специалитет**

**Специальность**

**071101 (52.05.04) Литературное творчество**

Специализация «Литературный работник»

Форма обучения

Очная

Нальчик

2014

**Дисциплина входит в вариативную часть профессионального цикла**

**Цели освоения дисциплины:**

- анализ состава, структуры и специфики Родного языка и литературы обозначенного периода во всем ее объеме, включая родственных литератур (адыгейской, черкесской, адыгской диаспоры) и литературу на иноязычных языках (русском, арабском, турецком и т.д.), написанную адыгскими авторами.

**Задачи дисциплины:**

- представить цельную картину литературной жизни концаXX века и начала XXI-го, охарактеризовать значение периода;

- владеть хронологией жизни и творчества изучаемых авторов, уметь анализировать их сочинения;

- определить направление их творческой эволюции, особенности поэтики и проблематики наиболее значимых произведений, отношение адыгских писателей к различным художественным системам.

- повышение уровня **практического владения современным кабардинским литературным языком у специалистов нефилологического профиля;**

– достижение высокой **коммуникативной компетенции** и **общего интеллектуального развития** студентов;

- воспитание **культурно - ценностного отношения к родному языку**;

- совершенствование речевой культуры путём **обогащения словарного запаса**;

- полное и осознанное **владение системой норм** кабардинского литературного языка;

-углубление **знаний о языковых единицах разных уровней** (фонетического, лексико-фразеологического и т.д.) и их функционировании в речи;

-развитие **навыков продуцирования** грамотных, логически связных, правильно сконструированных **текстов** на разные темы в соответствии с коммуникативными намерениями;

- лингвистическое и культурологическое обеспечение **участия в диалогических и полилогических коммуникациях**;

- формирование мотивации дальнейшего **самостоятельного овладения речевыми навыками** и умениями.

## 2. Место учебной дисциплины в структуре ООП:

Настоящий курс входит в вариативную часть профессионального цикла.

## 3. Требования к уровню освоения содержания дисциплины

Процесс изучения дисциплины направлен на формирование элементов следующих компетенций в соответствии с ФГОС ВПО и ООП ВПО по данному направлению подготовки:

**а) общекультурных (ОК):**

- владение культурой мышления, способностью к обобщению, анализу, восприятию информации, постановке цели и выбору путей ее достижения (ОК-1);
- умение логически верно, аргументированно и ясно строить устную и письменную речь (ОК-2);
- готовностью к кооперации с коллегами, работе в коллективе (ОК-3);
- владение основными методами, способами и средствами получения, хранения, переработки информации, навыки работы с компьютером как средством управления информацией (ОК-11);

**б) общепрофессиональных (ПК):**

- способность демонстрировать знание основных положений и концепций в области теории и истории изучаемой литературы, теории коммуникации, филологического анализа и интерпритации текста, представление об истории, современном состоянии и перспективах развития филологии (ПК-1);
- владение базовыми навыками сбора и анализа литературных фактов с использованием традиционных методов и современных информационных технологий (ПК-2);
- свободное владение основным изучаемым языком в его литературной форме (ПК-3);
- владение навыками самостоятельной организации и проведения на основе полученных знаний литературных праздников и мероприятий (ПК-15).

**по видам деятельности:**

в научно-исследовательской деятельности:

- способность применять полученные знания в области теории и истории изучаемой литературы (литератур), теории коммуникации,

филологического анализа и интерпретации текста в собственной научно-исследовательской деятельности (ПК-5);

- способность проводить под научным руководством локальные исследования на основе существующих методик в конкретной узкой области филологического знания с формулировкой аргументированных умозаключений и выводов (ПК-6);
- владение навыками подготовки научных обзоров, аннотаций, составления рефератов и библиографий по тематике проводимых исследований, приемами библиографического описания; знание основных библиографических источников и поисковых систем (ПК-7);
- владение навыками участия в научных дискуссиях, выступления с сообщениями и докладами, устного, письменного и виртуального (размещение в информационных сетях) представления материалов собственных исследований (ПК-8).

В результате освоения дисциплины студент должен:

**Знать:**

- историю национальной культуры;
- основные предпосылки возникновения и развития литературы;
- этапы развития родной (кабардинской) литературы;
- систему жанров, их функции, содержание и поэтику;
- фундаментальные понятия адыгских (кабардинской, адыгейской, черкесской, черкесского зарубежья) литератур;
- современное состояние кабардинской литературы.

**Уметь:**

- применять полученные знания при изучении других филологических дисциплин;
- выделять конкретные литературные факты в прикладной сфере профессиональной деятельности;
- пользоваться научной и справочной литературой, библиографическими источниками и современными поисковыми системами (в том числе указателями сюжетов и мотивов, путеводителями по фольклорным архивам, др.).

**Владеть:**

- навыками анализа фольклорных явлений;
- способностью применять знания в практической профессиональной сфере;
- глубоко разбираться в проблемах зарождения адыгских литератур, основных истоках их развития и особенностях их становления.

## Содержание разделов

## Лекции

### Хэзыгъэгъуазэ. Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ прозэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр*(сыхь. 2)*

XX лIэщIыгъуэм и 80-90 гъэхэмрэ XXI лIэщIыгъуэм и япэ илъэсипщIымрэ къэралым, жылагъуэм къыщыхъуа тхыдэ Iуэхугъуэшхуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Урысей Федерацэм и лъэпкъыбэ литературэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр: художественнэ унэтIыныгъэхэр, методыщIэхэр. Урыс литературэ: реализмэмрэ постмодернизмэмрэ. Постреализм – реализмэмрэ постмодернизмэмрэ я лъабжьэхэр зэзышалIэ художественнэ дунейр. Шэч къызытрамыхьэжу къекIуэкIа эстетикэ лъапIэныгъэхэм нэгъуэщIу бгъэдыхьэныр, дунейр цIыхур зыхэпсэукI щэнхабзэ къэухьу къэлъытэныр. Апхуэдэ литературэ унэтIыныгъэхэм ехьэлIауэ щыIэ Iуэху еплъыкIэхэр, литературэ щIэныгъэр абыхэм зэрахущытыр.

Литературэм и теплъэм зэрызихъуэжар, ар плъыфэбэ зэрыхъуар. Литературэмрэ рынокымрэ. «ЕджэгъуафIэ (массовэ) литературэкIэ» зэджэр, абы и поэтикэм и щэн нэхъыщхьэхэр.

90 гъэхэм я япэ илъэсхэм адыгэ литературэр зэрыта щытыкIэ гугъур; художественнэ тхыгъэщIэу а зэманым къыдэкIар мащIэ дыдэ зэрыхъугъар, абы и щхьэусыгъуэхэр. Гъэунэхуныгъэ гугъухэм къахэкIыу литературэр гъуэгущIэ зэрытехьар. Ар убзыхунымкIэ 80 - 90 гъэхэм къыдэкIыу щыта литературэ-художественнэ, щIэныгъэ журналхэм ягъэзэщIа къалэнхэр («Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Зэкъошныгъ», «Псалъ», «Гъуазэ», «Адыгэ хэку», «ЩIэплъыпIэ», н.). Лъэпкъ литературэмрэ публицистикэмрэ.

90 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм ирагъэкIуэкIа съездхэр, лъэпкъ литературэхэм зегъэужьыным теухуауэ абыхэм къыщащта унафэхэр. Адыгэ (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс) литературэхэр гъунэгъу зэхуэщIыным ехьэлIауэ екIуэкIа лэжьыгъэхэр, абыхэм хэхэс адыгэ литературэ гъэщIэгъуэныр къазэрыхэувэжар. Адыгей, къэбэрдей-шэрджэс тхыбзэхэр зэщхь щIыным теухуа Iуэхугъуэхэр, абыхэм къарикIуахэр.

Эстетикэ гъунапкъэщIэхэр къэгъэIурыщIэныр, псалъэм и къарур къэIэтыныр, лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцI зэхуэщIауэ щытахэр художественнэ IэмалхэмкIэ къызэIухыжыныр адыгэ прозэм къалэн нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар.

ТхакIуэхэм я хуитыныгъэхэм зэрыхэхъуар, къагъэсэбэп художественнэ Iэмалхэм зэрызаубгъуар: тхыгъэхэм лиризмэр ебэкI зэрыхъуар, абы щыгъуэми тегъэщIапIэ ящI документхэм я пщIэр къэIэтауэ.

Я IэдакъэщIэкIхэр жанркIи, тематикэкIи зэмылIэужьыгъуэ щIыным къыдэкIуэу, художественнэ фIагъыр къэIэтыным, езы лъэпкъым къигъэщIыжа

гупсысэ куухэмрэ дуней еплъыкIэ щхьэхуэмрэ (абы пыщIауэ нэщэнэхэмрэ дамыгъэхэмрэ къэгъэсэбэпыныр, миф хъыбархэр художественнэ тхыгъэм и пкъым хэгъэзэгъэныр) лъабжьэ хуэщIыныр тхакIуэхэм я дежкIэ нэхъыщхьэ зэрыхъур.

Лъэхъэнэ зэблэкIыгъуэм къигъэщIа тхыгъэхэр, абыхэм яIэ къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр, тхакIуэхэр гуитIщхьитI зыщI Iуэхугъуэхэр: Гъубж М. «Iущым хешыр езым и Шыхулъагъуэ», «Дыгъужь лъакъуитI», Хьэхъупащlэ Хь. «ГущIэгъуншэ», Журт Б. «Гъуэжькуий» романхэр, Хьэх С. «Махуэм дунейр и кIыхьагъщ», «Сигу, къэувыIи сызылъэщIэгъэхьэ!», МафIэдз С. «Мыхъур», Нало З. «ПхъащIэр Iэзэмэ, мэзри благъэщ», Елгъэр К. «ШейтIан къафэ», Бозий Л. «Гъуэгу нашэкъашэ» повестхэр, нэгъуэщIхэри.

**Тхыдэмрэ лъэпкъ прозэмрэ** *(сыхь. 2)*

ЦIыхубэм, лъэпкъым къыдекIуэкI лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр адыгэ прозэм тепщэ щыхъуныр: цIыхумрэ тхыдэмрэ, цIыхумрэ щIыуэпсымрэ.

Адыгэм и блэкIа жыжьэм теухуа тхыгъэхэр. ЦIыху щхьэ закъуэм тхыдэ къэхъукъащIэхэм щигъэзащIэ къалэныр: апхуэдэ къэхъукъащIэхэм я курыкупсэм къыхэхутэ лIыхъужьым и зэхэщIыкIым зэрызиузэщIыр, и жыджэрагъым зэрыхэхъуэр, къэзыухъуреихьхэм я пащхьэ щихь жэуапыр нэхъ ин зэрыхъур прозэщIэм къызэригъэлъагъуэ Iэмалхэр.

Тхыдэ Iуэхугъуэхэр убгъуауэ (понорамнэу) къэгъэлъэгъуэныр лъэпкъ прозэм гъуазэ зэрыхуэхъуар. Кавказ зауэмрэ ИстамбылакIуэмрэ, «залымыгъэ илъэсхэмрэ» Хэку зауэшхуэмрэ, адыгэм и блэкIа гъунэгъумрэ и нобэмрэ теухуа тхыдэ-философие художественнэ тхыгъэшхуэхэр (КIыщокъуэ А. «Лъапсэ», Тыуаршы А. «Псыкъелъэм и макъамэхэр», АбытIэ В. «ЩIакIуэр зи унапIэ», «Нэпс шыугъэ», Кхъуэхъу Ц. «ФатIимэт», Елмэс А. «Бгъэхэм къуршым къагъэзэж», БакIуу М. «МафIэ лыгъей», Мэлбахъуэ Е. «ЩомыгъэтIылъам щылъыхъуэ» романхэр, Щамырзэ I. «Махуэ лъапIэр къэсыпат», Мыз А. «Щожэх аддэ жыжьэу Урыху», ХьэIупщы М. «Хуэрэджейр мэгъагъэ» повестхэр, н.).

**Тхыдэ къэхъукъащIэхэр зи лъабжьэ прозэр. МафIэдз Сэрэбий***(сыхь. 2)*

ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ.

ТхакIуэм и тхыдэ прозэр: «ЩIакIуэ фIыцIэ», «ХьэщIэ махуэ», «Шыдыгъу» повестхэр, «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр, нэгъуэщIхэри. КъэхъукъащIэхэмрэ лъэпкъым къыдекIуэкI хъыбархэмрэ тхакIуэм къызэригъэсэбэп щIыкIэр, жанр цIыкIухэм иту зэгуэр итхыгъа тхыгъэхэр иужькIэ и романхэм Iыхьэ щхьэхуэу зэрыхигъэувэжыр (п.п., «ХьэщIэ махуэ» повестым и сюжетыр «Гъыбзэ хуэфащэт» романым зэрыхигъэхьэжар, н.).

ТхакIуэм и образ къэгъэщIыкIэ щхьэхуэр. Зауэр зымыдэ, лъэпкъым и зэIузэпэщ псэукIэм папщIэ езым и гъащIэри, и унагъуэм ис дэтхэнэми я гъащIэр шапэIудз хуищIыну хьэзыр, мамырщIэкъу хэкулIым и образ зэпэщ япэу адыгэ литературэм тхакIуэм къызэрыхишар («Мыщэ лъэбжьанэ» роман). Лъэпкъыр къызэтенэн щхьэкIэ, «адыгагъэрэ цIыхугъэрэ, акъылрэ Iэзагъэрэ, зэхэщIыкIрэ зышыIэныгъэрэ» къигъэлъэгъуэн зэрыхуейр дэтхэнэ адыгэми и фIэщ зэрыщIыпхъэр МафIэдзым и прозэм и дерс нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

**ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ***(сыхь. 2)*

ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ШэджыхьэщIэм и прозэ тхыгъэхэр, абыхэм я къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Иджырей лъэхъэнэмрэ цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэмрэ «Гум псори къонэ» романым зэфIэха зэрыщыхъур, тхакIуэм и Iуэху еплъыкIэхэр.

Лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ тхыдэ прозэмрэ. **«ЛъыщIэж»** романыр. VIII лIэщIыгъуэм адыгэхэр пщыгъуэ-пщыгъуэкIэ гуэшауэ зэрыпсэуар, лъэпкъыр зэкъуэгъэувэным, «Шэрджэс къэралыгъуэр» къызэгъэпэщыным куэдым я зэран къызэрекIар романым лъабжьэ зэрыхуэхъуар.

IуэрыIуатэм къыхэщыж ЕщIэнокъуэ зэшхэмрэ романым хэт образхэмрэ. Гурыхь персонажхэмрэ мыгурыхьхэмрэ. ЛъыщIэж хабзэ Iейм лъэпкъыр зэкъуиуду, цIыхухэр бий зэхуищIу къызэрекIуэкIар. Адыгэ хабзэм, хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм, псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ романым щаубыд увыпIэр.

Романым и ухуэкIэм, и бзэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр.

**Тыуаршы Аслъэн** *(сыхь. 2)*

ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Тыуаршы А. и прозэ тхыгъэхэр: «Сэтэней къэгъагъэмэ», «Нобэ е зэи» романхэр, «Дыщэ бгырыпх» повестыр, рассказхэр.

Тхыдэ къэхъукъащIэ дыджхэмрэ гурыщIэ щабэхэмрэ щызэхэухуэна тхыгъэхэр. **«Псыкъелъэм и макъамэхэр»** романыр. Зауэмрэ мамырыгъэмрэ, гуауэмрэ гуфIэгъуэмрэ, лъагъуныгъэмрэ лъагъумыхъуныгъэмрэ романым быдэу зэрыщызэпыщIар. Урыс пащтыхьым и лIыкIуэ флигель-адъютант Тенджызрэ адыгэпщым ипхъу Нэтрэ я лъагъуныгъэр романым купщIэ зэрыхуэхъуар. «Псыкъелъэм и макъамэм дежьуэ Нэт жиIэ уэрэдыр» гъыбзэкIэ иухыжыным хуэзышэ щхьэусыгъуэхэр.

Кавказ зауэжьым тхакIуэр зэрыхущытыр, абы ехьэлIа и гупсысэхэр къызэриIуатэ щIыкIэр. Дал-Джэрий, Зед, Тенджыз, Нэт сымэ я образхэр. Тхыдэм зи цIэхэр (фIыкIи IейкIи) къыхэзына дзэзешэхэм я образхэр.

ФIым щыгугъыурэ зи дунейр къызэтекъутэж цIыхум и психологиер, и псэм щекIуэкI зэдауэр, и гурыщIэр тхакIуэм къызэригъэлъэгъуар.

**Къэрмокъуэ Мухьэмэд** *(сыхь. 2)*

ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ТхакIуэм и документальнэ, лирическэ повестхэр: «ЛIыхъужьым и гъуэгу», «Щихухэр иджыри мэкI», «ЦIыхухъу нэпс», «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», нэгъуэщIхэри.

80-90 гъэхэм «къалэ» литературэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр: купщIэншэ гъащIэмрэ купщIэншэ тхыдэмрэ ехьэлIауэ щыIэ Iуэху еплъыкIэхэр. **«Азэмэт», «Къоджэм угъэжейркъым»** роман-дилогиер. Роман-гукъэкIыж, роман-ущие лIэужьыгъуэхэр. Iуэхугъуэ хэха гуэрым темыухуа (сюжетыншэ), новеллэ щхьэхуэурэ зэхэт тхыгъэм и нэщэнэхэр.

Романхэм къагъэлъэгъуэж лъэхъэнэр, абыхэм къыщыхъу Iуэхугъуэхэр. Тхыдэ къэхъукъащIэхэмрэ езы тхакIуэм и гъащIэ гъуэгуанэмрэ тхыгъэм зэрыщызэхэухуэнар. ТхакIуэм зэрыжиIэщи, «гъащIэ зэхэзэрыхьам дыхуэзыша лъэхъэнэм» и цIыхухэм я псэукIэр, ахэр зыгъэгуфIэ-зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, я хъуэпсапIэхэр романхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.

Адыгагъэм, ныбжьэгъугъэм, пэжыгъэм романхэм къащылъыс щIыпIэр (Азэмэтрэ Алихъанрэ я образхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн). 50-70 гъэхэм къэралым, республикэм къыщыхъуа тхыдэ къэхъукъащIэхэм тхакIуэр зэрабгъэдыхьэр, абыхэм къахэхыпхъэ дерсхэр къызэриIуатэ художественнэ Iэмалхэр. Лъэпкъ тхыдэм, щэнхабзэм зи цIэ къыхэна цIыхухэр (КIуащ Б., Бабич В., Бэрбэч Хь., нэгъуэщIхэри) тхыгъэм къыхэша зэрыхъур, абыхэм романым щагъэзащIэ къалэнхэр. Бзэр хъумэным, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным ехьэлIауэ Къэрмокъуэм къиIуатэ гупсысэхэр.

Езы тхакIуэм и образыр романхэм къазэрыхэщыр.

ТхакIуэм и хъэтI щхьэхуэр, и бзэр.

**ЦIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэм теухуа социальнэ-публицистикэ прозэр***(сыхь. 4)*

Лъэпкъ прозэм и пащхьэ къиува къэлэнышщIэхэр: зэриухынур псоми ящIэ тхыдэ, тхыдэ-революцэ тематикэ жэбзэжам къыпыкIыныр, цIыхупсэм и къэхутакIуэ-гъэунэхуакIуэ къалэныр и пщэ дилъхьэжыныр, цIыхухэм я гупсысэр зыунэтI, я псэкупсэ дунейр къэзыгъэщI жылагъуэ Iуэхугъуэхэр сэтей къэщIыныр, н.

- Художественнэ тхыгъэхэм **психологизмэр** нэхъ куу щыхъуныр, зи псэм дыркъуэ телъ, зи гъащIэ гурыгъыр ижа цIыхум и дунейр. **Елгъэр Кашиф.** ТхакIуэм и гъащIэ гъуэгуанэр.

Елгъэрым и повестхэр: «Жэщ дыгъэ», «Мэз бгъуэщIым», «Лъагъуныгъэм и бзэ», «ШейтIан къафэ», н. ТхакIуэм и повестхэр зытеухуамрэ абыхэм къыщигъэщI образхэмрэ.

Пенитенциар прозэм и щэнхэмрэ **«Щыуагъэ»** романымрэ. Щыуагъэм и гъэру псэу, и напэр и хеящIэу тезыр зытезылъхьэжа цIыхум (МыващIэ Хьэжбэтыр) и образыр лъэпкъ прозэм тхакIуэм къызэрыхишар. ТхакIуэм и романым щIилъхьа гупсысэм, психологизмэм, художественнэ дерсым я кууагъыр.

Романым и гъэпсыкIэр, и сюжетыр (Хьэжбатыр и къекIуэкIыкIар зэрыт тетрадыр), и бзэр. Тхыгъэм тхыдэ къэхъукъащIэхэм щаубыд увыпIэр.

- «ГъащIэм и гъуазэр» зыфIэкIуэда цIыхухэм я образхэр лъэпкъ литературэм къыхыхьэныр. Къанкъул Заур «Къалэм дэгъуэщыхьа» и повестыр. ГъащIэм и пэжымрэ нэкъыфIэщI дунеймрэ (абсурдымрэ), фIэщхъуныгъэмрэ фантастикэмрэ тхыгъэм щызэшэлIэныр. Автопсихологическэ лIыхъужьым и образым Къанкъулым и прозэм щиубыд увыпIэр.

НыбжьыщIэм и псэр гугъу езыгъэхь, «гупсэхугъуэ» езымыт, и псэкупсэ дунейр зыхуз Iуэхугъуэхэр повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Миф хъыбархэмрэ нэкъыфIэщI Iуэхугъуэхэмрэ повестым и сюжетым тхакIуэм къызэрырипх щIыкIэр, къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр.

- Iуэху еплъыкIэ зэхьэлIэгъуейхэр (эклектизм) зэшэлIэныр, апхуэдэхэр художественнэ конфликтым лъабжьэ хуэщIыныр. Мэзыхьэ Б., Елмэс А., КIэрэф М., ШэджыхьэщIэ Хь., КхъуэIуфэ Хь., Ацкъан Р., ХьэIупщы М., Мыз А. сымэ я повестхэмрэ рассказхэмрэ.

- ЦIыхум и хъуэпсапIэмрэ ар зыхэпсэукI дунеймрэ я зэныкъуэкъур щынэхъыщхьэ лъэпкъ прозэр. **КIэрэф Мухьэмэд** и повестхэмрэ («Лъэужь е лIэужь», «Сэфар», «Адэ щIэин мылъку хъурэ?») рассказхэмрэ («ЛIыжь хъыбархэр» тхылъым ихуахэр). ТхакIуэм и образхэр къыщигъэщIкIэ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ ярит мыхьэнэр.

- ГурыщIэ хэIэтыкIахэмкIэ гъэнщIа тхыгъэхэр, апхуэдэ лIэужьыгъуэхэр (повесть-драмэ, повесть-гукъэкIыж, повесть-дневник, повесть-биографие, эссе, н.). Нало З., Брат Хь., Хьэх С., Тхьэмокъуэ Б., Шыбзыхъуэ М., Адзын М, Шорэ А., Жылэтэж С., ГъущIо З., НафIэдз М. сымэ я повестхэр. Жылагъуэм, цIыхухэм яку къыдэхъуэ Iуэхугъуэхэр, гъащIэ теплъэгъуэ щхьэхуэхэр зи лъабжьэ жанр кIэщIхэр, абыхэм ягъуэта зыужьыныгъэр.

**Иджырей лъэпкъ усыгъэр** *(сыхь. 2)*

80 - 90 гъэхэм адыгэ усыгъэр зытета литературэ унэтIыныгъэхэр, нэхъыбэу къиIэта тематикэр, къиIуэта гупсысэхэр. Идеологие зэхуэмыдэхэм Iэнкун ящIа усыгъэр (ЩоджэнцIыкIу I., Нало З., Къагъырмэс Б., КIэмыргуей Т.,

н.). ЩоджэнцIыкIумрэ КIыщокъуэмрэ зи лъабжьэр ягъэтIылъа адыгэ «усэ хабзэхэм» зезыгъэужьа усакIуэхэм я творчествэр (Нало З. «Урыху Iубыгъуэ», Тхьэгъэзит З. «УзэщIакIуэ», Бещтокъуэ Хь. «Дуней телъыджэ», Ацкъан Р. «Тхыгъэхэр», АбытIэ Хъ. «Нэхулъэ», Сонэ А. «Iэгу махуэ-Iэгу нэщI», Пхъэш М. «Гъуэгуанэ», Нэхущ М. «Адыгэ нэпсхэр», н.).

ЗэхъуэкIыныгъэхэм къыздахьа псэукIэщIэмрэ хабзэщIэхэмрэ шэч къатехьэныр, гъащIэм хэлъ Iуэхугъуэ зэфIэхыгъуейхэр, хэкIыпIэншагъэмрэ фIэщмыхъуныгъэмрэ лъэпкъ усыгъэм темэ нэхъыщхьэ щыхъуныр.

«Усыгъэ IущкIэ (интеллектуальнэкIэ)» зэджэм - философие гупсысэ куухэм тещIыхьа поэзием - и гъунапкъэхэм совет нэужь лъэхъэнэм зэрызахъуэжар.

**Ацкъан Руслан** и **«ЩхьэегъэзыпIэ», «Къэгъэзэжыгъуэ»** усэ тхылъхэр. ЦIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ теплъэгъуэ, къэхъукъащIэ гъэщIэгъуэнхэмрэ щызэхэжыхьа художественнэ дунейм и къэгъэлъэгъуэкIэр, усакIуэм къигъэсэбэп художественнэ Iэмалхэр.

Ацкъан Р.Хь. и зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэр. М.Ю. Лермонтовым и кавказ поэмэхэу («Уи хамэу зэи сыщытакъым». Налшык, 1999) усакIуэм адыгэбзэм къригъэтIэсахэр лъэпкъ тэрмэш лэжьыгъэм и нэхъыфI дыдэхэм зэращыщыр.

Лирикэ нэсым и щапхъэхэр: цIыхугъэр, пэжыгъэр, лъагъуныгъэр мотив нэхъыщхьэу зиIэ лъэпкъ поэзиер. **Бицу Анатолэ** и усэхэр зэманым зэрыпэджэжыр, абыхэм яIэ ущииныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэр.

Бицум и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса **«Псэм и дуней», «КIуэцIырыкIыбжэ»** тхылъхэр. ГъащIэм акъыл жанкIэ пхырыплъыф усакIуэм и къэгъэщIыныгъэ нэхъыщхьэу ахэр зэрыщытыр.

УсакIуэмрэ лъэпкъ макъамэмрэ. Лирикым и псалъэхэр щIэлъу композиторхэм уэрэд куэд зэратхар.

Адыгэ литературэбзэм зэрызиужьам и щапхъэхэр щынэралъагъу, лъэпкъым и хъуэпсапIэ нэхухэр бзэм и дахагъэмкIэ, и IэфIагъымкIэ зыхозыгъащIэ усыгъэр. **Уэрэзей Афлик** («ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж», «Гъуэгу махуэ», «Iуащхьэжь», «Кхъужьей къудамэ» усэ тхылъхэр).

ЦIыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ зэхуэфащэу, щIэщыгъуэу къызэрызэдекIуэкIын хуейм усакIуэм къызэрыхъуриджэр.

Уэрэзей А. и сонетхэмрэ сонет Iэрамэхэмрэ. УсакIуэм лъэпкъ усэ гъэпсыкIэм зэрызригъэхъуэжар, абы хуищIа хэлъхьэныгъэхэр.

Социальнэ зэхуэмыдэныгъэр нэхъ куу зэрыхъур, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр абы зэрихъуэжым теухуа лъэпкъ усыгъэр. **Мыкъуэжь Анатолэ**

иджырей зэманым теухуа и усэхэр («Лъэхъэнэ», «Къэрэгъул бжыхь» усэ сборникхэр).

Лей зытехьэ, дэкъуза цIыхум къыщхьэщыжыныр Мыкъуэжь А. и усыгъэм нэщэнэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар. ЦIыхур фIыуэ лъагъуным, и пщIэр къэIэтыным ехьэлIауэ абы и усэхэм хэлъ пафосыр, лиризм куур, Iущыгъэ-ущииныгъэр. УсакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм къахэIукI лъэпкъ хъуэпсапIэ лъагэхэр.

УсакIуэм и творчествэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ абыхэм теухуауэ щыIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ.

Лъэпкъым хуэпэжыным, хуэлэжьэным, абы и бзэр, и хабзэр, лIэщIыгъуэкIэрэ зэригъэпэща лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр хъумэным къыхуезыджэ (патриотыгъэ зыхэлъ) адыгэ усыгъэр. **Бемырзэ Мухьэдин** («Уэрэду сиIэр уэрщ», «ДыгъафIэ уэс», «Адыгэу ущытыныр гугъущ» усэ тхылъхэр).

И лъэпкъымрэ, зыужьыныгъэм хуэлажьэ абы и цIыху пэрытхэмрэ усакIуэм зэриIэт зэгъэпщэныгъэхэр.

УсакIуэм и лъагъуныгъэ, пейзаж лирикэр. Ахэр лъэпкъ усыгъэм фIыпIэу зэрыщытыр.

Лъэпкъ тхыдэм, абы и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм теухуа усыгъэр. **Сонэ Абдулчэрим** («Iэгу махуэ-IщI жэщ» усэ тхылъыр).

УсакIуэм тхыдэр къызэригъэлъагъуэ образхэр, лъэпкъым и блэкIам хуиIэ щытыкIэр, и гурылъхэр къиIуэтэн щхьэкIэ тегъэщIапIэ ищI щапхъэхэр. УсакIуэм и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр, абыхэм я мыхьэнэр.

**Иужь илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэмрэ абыхэм я творчествэм гу нэхъ зылъытапхъэу хэлъхэмрэ** *(сыхь. 2)*

УсакIуэ щIалэхэр нэхъ зыхуэусэ, ягъэлъапIэ темэхэр: цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэр, и нобэрей псэукIэр, ар зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр, лъэпкъхэм, унагъуэ, благъэ-Iыхьлыхэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэр, адыгэм и къэкIуэнум зэреплъыр, нэгъуэщIхэри.

УсакIуэхэу Хьэту П. («Псэгъэкъабзэ», «Бжьыхьэ удж»), Жыкъуэ Гъу. («Кърухэм я уэрэд»), МахуэлI Н. («Гум и пшыналъэ», «Мывэм сопсалъэ»), ГъущIо З. («Шэху уэздыгъэ»), Лъостэн М. («Нэхущ гупсысэхэр»), Къаныкъуэ З. («Уэрэ сэрэ»), Зэгъэщтокъуэ Л. («Мывэми нур къыпех»), Бэлагъы Л. («ГъэунэхупIэ»), Лыкъуэжь Н. («КъапщIийхэр»), ПщыукI Л. («Си гум и IэпапIэ»), Хьэвжокъуэ Л. («Гухэлъ налъэ»), нэгъуэщIхэри езыхэм я дуей еплъыкIэ хэха яIэу лъэпкъ поэзием къызэрыхыхьар, зыужьыныгъэ зэрагъуэтар. Абыхэм я лирикэм лъагъуныгъэ, гуапагъэ, дахагъэ темэхэр ебэкIыу, я псалъэхэр щIэщыгъуэу, «сленг щхьэхуэ» яIэу зэрыщытыр.

**Адыгэ сабий литературэр** *(сыхь. 2)*

ЩIэблэр псэкIэ къулейуэ, дунейм и пIалъэ ищIэу, гъащIэм и дахагъэмрэ и лъапIагъымрэ къыгурыIуэу къэгъэтэджынымкIэ сабий литературэм игъэзащIэ къалэн гугъур.

Лъэпкъ сабий литературэр зэрызэфIэувар, абы къикIуа гъуэгуанэр, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм сабийхэм псэемыблэжу хуэлэжьа тхакIуэ пажэхэр.

Дахагъэр, анэдэлъхубзэм и IэфIыр ныбжьыщIэм зыхегъэщIэным хуэгъэпсауэ иужь илъэсхэм къыдэкIа сабий тхылъхэр: Нало З. «Нанэ и псэ-дадэ и бзэ», «Щэнгъасэ»; Щоджэн Л. «Уэрэдхэр», «Лэгъупыкъу», «Мэдэ цIыкIу», «Еджэрей цIыкIухэр»; Вындыжь М. («Сабиигъуэ гъуэгу»), Хьэх С. «Дадэкъуапэ», Шыбзыхъуэ М. «ГъащIэ», Къагъырмэс Б. «Мыщэжьыкъуэ», Брай А. «Зэмыжьа зэIущIэхэр», ПхытIыкI Ю. «Iэбэдзыуэ», Тау Н. «НэкIуху», «Мэшбэв», нэгъуэщIхэри.

Адыгэ сабий литературэм и нобэрей щытыкIэмрэ и къэкIуэнумрэ ехьэлIауэ щыIэ щIэнигъэ лэжьыгъэхэр.

**Лъэпкъ драматургиемрэ иджырей лъэхъэнэмрэ** *(сыхь. 2)*

Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ драматургием къыхэхъуа лэжьыгъэщIэхэр, ахэр нэхъыбэу зытеухуар, жанрхэм я зэхущытыкIэр. Лъэпкъ комедиографием зыужьыныгъэ нэхъ щIигъуэтам и щхьэусыгъуэхэр.

ДызыхэпсэукI гъащIэм и теплъэгъуэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа драмэ лэжьыгъэхэр: IутIыж Б. «ГушыIэ махуэ апщий!», «Дунейр театрщ», «Трагедиехэр» тхылъхэм ихуа пьесэхэр; Дэбагъуэ М. «Iэпхъуалъэ телъыджэ», «Анэр нэм хуэдэщ» пьесэхэр; Журт Б. «Къалэн хьэлъэ», «Малъхъэ хъарзынэ»; Къаныкъуэ З. «Нагъуэ и унагъуэр», Думэн М. «Уэлий и парашют», Тут Т. «ТIуанэ», «Зэи жумыIэ зэи», нэгъуэщIхэри.

**ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэмрэ иджырей лъэпкъ литературэмрэ** *(сыхь. 1)*

Лъэпкъ литературэхэр гъунэгъу зэхуэщIынымкIэ, я ехъулIэныгъэхэмкIэ зэрыщIэнымкIэ зэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм иIэ мыхьэнэр. Литературэ зэдзэкIакIуэ нэхъыжьхэм я щапхъэхэр, ахэр зи гъуазэ ди зэдзэкIакIуэ нэхъыфIхэмрэ абыхэм я лэжьыгъэхэмрэ (Тхьэгъэзит З., Ацкъан Р., Уэрэзей А., Мэремыкъуэ Л., Мэзыхьэ Б., Хьэх С., нэгъуэщIхэри).

ХамэбзэхэмкIэ хэхэс адыгэхэм къагъэщIа художественнэ хъугъуэфIыгъуэр хэкурыс адыгэхэм я щэнхабзэм къыхэлъхьэжыныр совет нэужь лъэхъэнэм къалэн хэха зэрыхъуар, абыкIэ лэжьыгъэ нэхъыбэ зыщIа зэдзэкIакIуэхэр (Къэрмокъуэ Хь., ХьэфIыцIэ М., ТIымыжь Хь., Къалмыкъ А., Уэрэзей А., Къумыкъу М., Дыгъужь Ф., Едыдж Н., нэгъуэщIхэри).

ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэм пыщIа Iуэхугъуэ гугъухэр, ахэр зэфIэха хъунымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр.

**Иджырей литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ** *(сыхь. 1)*

Адыгэ литературэм и зыужьыкIэр, иджырей литературэмрэ IуэрыIуатэмрэ я зэхущытыкIэр, Урысейм и лъэпкъыбэ литературэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр зыдж литературэ щIэныгъэр. Иужьрей зэманым абы щIэуэ къыхэхъуа лэжьыгъэхэр, унэтIакIуэ, гъуэгугъэлъагъуэ къалэн абыхэм зэрагъэзащIэр.

Лъэпкъ литературэдж-щIэныгъэлIхэмрэ критикхэмрэ (ХьэкIуащэ А., Нало З., Бэчыжь Л., БакIуу Хь., Гъут I., Мусукаевэ А., КхъуэIуфэ Хь., Къэжэр Хь., Тхьэгъэзит Ю., ТIымыжь Хь., Бакъ З., Къудей З., Абазэ А., нэгъуэщIхэми) я лэжьыгъэ нэхъыфIхэр.

**ХамэбзэкIэ тхэ тхакIуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ** *(сыхь. 2)*

ХамэбзэкIэ художественнэ тхыгъэхэр къэгъэщIыным и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ литературэ щIэныгъэр апхуэдэ тхыгъэхэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэхэр. XIX лIэщIыгъуэм псэуа адыгэ узэщIакIуэхэмрэ нэгъуэщIыбзэкIэ (урысыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, иджылызыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ) тхэ иджырей тхакIуэхэмрэ.

Зыщыщ лъэпкъкIэ адыгэу, ауэ урысыбзэкIэ тхэ тхакIуэхэм я тхыгъэ нэхъыфIхэр: Къущхьэунэ А. «Унаут» повестыр, «Сауна» романыр; Адыгэ Т. «Щит Тибарда» романыр; Емкъуж М. «Всемирный потоп», «Ночь Кадар»; Вэрокъуэ В. «Прощающие да простят» романыр, ХьэкIуащэ М. «Возвращение домой» романыр, Мэкъуауэ А. и рассказхэр, нэгъуэщIхэри.

Лъэпкъым и художественнэ дуней лъагъукIэ щхьэхуэр абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар, хамэ тхылъеджэр а дунейм щыгъуазэ хъунымкIэ апхуэдэхэм я мыхьэнэр.

**«ЕджэгъуафIэ (беллетристикэ, массовэ) литературэкIэ» зэджэм хыхьэ тхыгъэхэр, абыхэм лъэпкъ литературэм щагъэзащIэ къалэнхэр** *(сыхь. 2)*

XX лIэщIыгъуэм и кIэхэм литературэр лIэужьыгъуэ куэду зэтепщIыкI зэрыхъуар, абы и плъыфэхэр. Литературэмрэ рынокымрэ. Социалист реализмэм и кхъупхъэм къикIа литературэм и къуэпсхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызадзар. «Массовэ литературэм» и поэтикэм хэлъ къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Беллетристикэмрэ иджырей литературэ щIэныгъэмрэ. **АбытIэ В.** («Тенджызищым я тхьэгуащэ», «Хамэ физ», «КIуакIужь», «Дыгъужьынэ» романхэр, «Ламэ», «Индыл и зы щэху» повестхэр, нэгъуэщIхэри), **Къанкъул ФI.** («Гум и уэрэдхэр», «Ар си Заремэщ» усэ тхылъхэр), **Пщыгъусэ А.** («Аникет», «Путь к вершине», «Меоты», «Царь хатти Анитта», «Царь хатти Питхана»), **Сэрахъэ А**. («Расплата», «Опознание», «Дело-Табак», «Война»,

«Роковая тайна» повестхэр, «Схватка с призраком» романыр, нэгъуэщIхэри) я художественнэ прозэм хэлъ гъэщIэгъуэнагъхэр, иджырей тхылъеджэр апхуэдэ къэгъэщIыныгъэм (продукцэм) зэрыхущытыр.

**Зэманымрэ лъэпкъ литературэмрэ.**

**Курсыр къызэщIэзыкъуэж кIэух псалъэ** *(сыхь. 2)*

Лъэпкъ литературэм къикIуа гъуэгуанэр Хэкум, лъэпкъым, цIыхубэм быдэу пыщIауэ зэрыщытар. А гъуэгуанэм ар зыщрихьэлIа Iуэхугъуэ гугъухэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ.

Иджырей зэманым лъэпкъ литературэм и пащхьэ къиувэ къалэн нэхъыщхьэхэр. Хэкум, адыгэм я къэкIуэнумкIэ, я лъэпкъэгъухэм я зэхэщIыкIым зегъэужьынымкIэ, мамырыгъэрэ зэгурыIуэрэ лъахэм илъынымкIэ, дахагъэм щIэблэр къыщIэгъэтэджэнымкIэ адыгэ литературэм, зэрыщыту лъэпкъ щэнхабзэм я лэжьакIуэхэм яхь жэуаплыныгъэ иныр.

Лъэпкъ литературэм и тхыдэр джынымкIэ къэув къалэнымщIэхэр, мы курсым щыгъэбелджыла мурадхэм программэр зэрыпэлъэщар.

**Изучается во 2-3 семестрах. Форма промежуточной аттестации – зачет.**

**Родная литература. Тематический план**

| № раздела | | Кол-во часов | СРС |
|---|---|---|---|
| 1 | Лъэпкъ тхыдэмрэ иджырей адыгэ литературэмрэ | 1 | 1 |
| 2 | Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ литературэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр | 1 | 1 |
| 3 | Тхыдэ прозэр | 1 | 1 |
| 4 | МафIэдз Сэрэбий и повестхэу адыгэхэм пасэм щыгъуэ я псэукIар къыщыгъэлъэгъуэжахэр («ЩIакIуэ фIыцIэ», «ХьэщIэ махуэ», «Шыдыгъу», «КъафIэхъу», н.). | 1 | 1 |
| 5 | ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ | 1 | 1 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 6 | Тыуаршы Аслъэн | 1 | 1 |
| 7 | Къэрмокъуэ Мухьэмэд | 1 | 1 |
| 8 | ЦIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэм теухуа прозэр | 1 | 1 |
| 9 | Иджырей лъэпкъ усыгъэр | 1 | 1 |
| 10 | Иужь илъэсхэм лъэпкъ литературэм къыхыхьа усакIуэхэмрэ абыхэм я творчествэм гу нэхъ зылъытапхъэу хэлъхэмрэ | 1 | 1 |
| 11 | Адыгэ сабий литературэр | 1 | 1 |
| 12 | Лъэпкъ драматургиемрэ иджырей лъэхъэнэмрэ | 1 | 1 |
| 13 | ЗэдзэкIыныгъэ лэжьыгъэмрэ иджырей лъэпкъ литературэмрэ | 1 | 1 |
| 14 | Литературэ щIэныгъэмрэ критикэмрэ | 1 | 1 |
| 15 | ХамэбзэхэмкIэ тхэ тхакIуэхэмрэ лъэпкъ литературэмрэ | 2 | 2 |
| 16 | «ЕджэгъуафIэ (массовэ) литературэкIэ» зэджэм хыхьэ тхыгъэхэм лъэпкъ литературэм щагъэзащIэ къалэнхэр | 2 | 2 |
| | итого | 18 | 18 |

**Родной язык. Тематический план**

| № п\п | Занятиехэм я темэхэр блоккIэ зэхэгъэуващэ | Грамматическэ материалыр | Кол-во часов | СРС |
|---|---|---|---|---|
| | **Адыгэ лъэпкъыр зэрызэфIэувар, лъэпкъ къудамэхэр щыпсэуар** | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **сыхь.** | | |
| **1.** | Бзэхэм я генеалогическэ зэхэгъэкIыныгъэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэм щиубыд увыпIэр,<br>КъэзыгъэщIа лъэпкъ къудамэхэр | Адыгэбзэ алфавитым и тхыдэр. Нобэрей алфавитыр. УпщIэхэр. | 1 | |
| **2.** | Адыгэхэр, абыхэм я псэупIэу щытахэр | Вокализм. МакъзешитI зэкIэлъыкIуэу щатхыр. | 1 | |
| **3.** | «Черкесия» телефильмым егъэплъын, абы къыхэщ гупсысэхэм занятием щытепсэлъыхьыжын хуэдэу. | - | 1 | |
| **4.** | Адыгэбзэм и диалектхэмрэ говорхэмрэ яIэ щхьэхуэныгъэхэр. Абыхэм ирипсалъэхэр щыпсэу щIыпIэхэр. Абыхэм я щапхъэ текстхэм егъэлэжьын. | Консонантизм. Хьэрф дэкIуашэхэм я тхыкIэм иIэ щхьэхуэныгъэхэр. | 1 | |
| **5.** | Адыгэбзэм иIэ щхьэхуэныгъэхэр:<br>a. Адыгэбзэхэм зэдай лексикэмрэ нэгъуэщIыбзэхэм къикIыу къыхыхьахэмрэ,<br>b. Жьы хъуа псалъэхэр, псалъэщIэхэр,<br>c. профессиональнэ лексикэр,<br>d. синонимхэр, антонимхэр, полисемиер, омонимхэр, омографхэр, омофонхэр | НэгъуэщIыбзэхэм къикIыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэм я тхыкIэр. | 1 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | **Узыхэхуэ Iуэхугъуэ зэмыщхьхэм тегъэпсыхьа псэлъэкIэ** | **Сыхь.** | | |
| **6.** | Стиль и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэр къызэрыхэбелджылыкIыр. Научнэ стилыр, къызэрыгуэкI стилыр, художественнэ стилыр, публицистическэ стилыр. Абыхэм я щапхъэ текстхэм егъэлэжьын. | Пычыгъуэ. Ударенэ. | 1 | |
| **7.** | Адыгэм я фIэхъусхэр, абыхэм я мыхьэнэр. IуэрыIуатэмрэ художественнэ литературэмрэ къыхэха темэр къызыхэщ текстхэр къэгъэсэбэпын. | Адыгэбзэм и фонетическэ, морфологическэ принципхэр. | 1 | |
| **8.** | Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм ехьэлIа псалъэкIэм хуэунэтIа лэжьыгъэ (речевые ситуации) | Хьэрфышхуэ кIэ кърагъажьэхэр. | 1 | |
| | **Наукэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэр** | **Сыхь.** | | |
| **9.** | Дунейпсо наукэм ди университетым и лэжьакIуэхэм хуащIа хэлъхьэныгъэхэр. Интернетыр, СМИ-р къагъэсэбэпурэ. | Псалъэ занщIэр.<br>Зэрызэхуагъазэ псалъэ. | 1 | |
| **10.** | Адыгэ просветительхэр. Абыхэм я лэжьыгъэхэм щыгъэгъуэзэн. | Вводнэ элементхэр псалъэухам зэрыщатхыр. | | |
| | **Адыгэхэм я хабзэхэр** | **Сыхь.** | | |
| | Адыгэ фащэм ехьэлIа лексикэр. Хабзэ и лъэныкъуэкIэ мыр | Псалъэухам къыхагъэщхь | 1 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **11.** | зэрыгъэпсар. ЩIалэгъуалэм нобэ я теплъэр. Псалъалъэхэр, текстхэр къэгъэсэбэпын. | эхукI Iыхьэхэр. | | |
| **12.** | Адыгэ Iэнэм ехьэлIа лексикэр. IуэрыIуатэм, литературэм, тхыдэм къыхэха темэм теухуа текстхэмкIэ лэжьыгъэр ухуэн. Хъуэхъухэр. | Запятой щагъэувыр. | 1 | |
| **13.** | Адыгэ шхыныгъуэхэм ехьэлIа терминологиер. Шхыныгъуэ щхьэхуэхэр зэрапщэфIыр (унэ лэжьыгъэ). | Тире, двоеточие щагъэувыр. | 1 | |
| **14.** | ХьэщIэм, хьэщIагъэм ехьэлIахэр паремиологиемрэ, фразеологиемрэ къызэрыхэщыр. Текст темэмкIэ егъэлэжьын. | ЗэрыупщIэ нэгъыщэ щагъэувыр. | 1 | |
| **15.** | Нэхъыжь – нэхъыщIэм адыгэхэм ират мыхьэнэр, ар къызыхэщ бзэм и материалхэр. | ХэIэтыкIа нагъыщэ щагъэувыр. | 1 | |
| **16.** | ХьэгъуэлIыгъуэмрэ нэщхъеягъуэмрэ епха лексикэр. Тхыдэм, литературэм, IуэрыIуатэм къыхэха щапхъэхэр къэгъэсэбэпурэ. | Скобкэхэр щагъэувыр. | 1 | |
| **17.** | Адыгэ махуэгъэпсымрэ, абы хабзэрэ дауэдапщэу епхахэмрэ. | Многоточие. | 1 | |
| | **IуэрыIуатэ** | **сыхь.** | | |
| **18.** | Нарт эпосыр. Абы и пшыналъэхэр. | Псалъэр зэхъуэкIа зэрыхъу аффиксхэм я тхыкIэр. | 1 | |
| **19.** | Адыгэ хъыбарыжьхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ. | Псалъэ къэзыгъэхъу | | 1 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | аффиксхэм я тхыкIэр. | | |
| **20.** | Паремиологиемрэ фразеологиемрэ я тематикэр. | ЦIэ гъэкIэщIахэр, аббревиатурэ. | | 1 |
| **21.** | КъебжэкIхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр - адыгэбзэм | Документхэм, тхылъхэм я ухуэкIэр, IуэхущIапIэхэм ирагъэхь тхылъымпIэхэр адыгэбзэкIэ зэратх щIыкIэр. | | 1 |
| | **Щэнхабзэ** | **сыхь.** | | |
| **22.** | Налшык дэт музейхэр студентхэм егъэцIыхун, занятием щытепсэлъыхьыжын хуэдэу. | **-** | | **1** |
| **23.** | Къэбэрдей драматическэ театрым и лэжьыгъэхэр, и гъащIэр. Занятием щытепсэлъыхьыжын. | **-** | | **1** |
| **24.** | КъБКъУ-м и музейм. Университетым и тхыдэр | **-** | | **1** |
| | **Спорт** | **сыхь.** | | |
| **25.** | Адыгэхэм я джэгукIэхэр. Темэр къызыхэщ текст егъэлэжьын. | ЦIэ унейхэм я тхыкIэр. | | 1 |
| **26.** | Спортым зи цIэ щызыгъэIуа адыгэхэр. Интернетыр, СМИ-р къэгъэсэбэпурэ. | Интернациональнэ терминхэр | | 1 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | адыгэбзэм. Абыхэм я тхыкIэр. | | |
| | **Нобэрей щIалэгъуалэмрэ хабзэмрэ** | **сыхь.** | | |
| **27.** | ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ. Тхыдэм, литературэм, IуэрыIуатэм къыхэха щапхъэхэр къэгъэсэбэпурэ. | Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэхэр. | | 1 |
| **28.** | Зауэмрэ мамырыгъэмрэ ехьэлIа лексикэр - адыгэбзэм. Тхыдэм, литературэм, IуэрыIуатэм къыхэха щапхъэхэр къэгъэсэбэпурэ. | Къызэрапщы тэ диктант. | | 1 |
| **29.** | Нобэрей щIалэгъуалэм я псэукIэр, упщIэхэр. Интернетыр, СМИ-р къэгъэсэбэпурэ. | - | | 1 |
| | Итого: | | 18 | 18 |

## 5. Образовательные технологии

Вузовское освоение курса «Родной язык и литература» предполагает использование как традиционных, так и инновационных образовательных технологий, а также настоятельно требует рационального их сочетания.

Традиционные образовательные технологии подразумевают использование в учебном процессе таких методов работы, как лекция, практическое занятия, семинар и др.

## 6. Оценочные средства для текущего контроля успеваемости и промежуточной аттестации

Формы контроля (*текущего, промежуточного и итогового*) по дисциплине определяются в соответствии с учебным планом образовательной программы и в соответствии с действующим Положением об оценке успеваемости студентов СКГИ: тестирование, коллоквиум,зачет.

Виды контроля знаний:

текущий (в форме экспресс-опросов, рефератов);

промежуточный (коллоквиумы, контрольные работы, компьютерное тестирование);

итоговый (зачет, которым завершается курс).

**Примерный список вопросов зачета**

1. Лъэхъэнэм и нэщэнэхэмрэ иджырей адыгэ литературэмрэ.
2. Тхыдэ Iуэхугъуэхэр убгъуауэ (панорамнэу) къэгъэлъэгъуэныр лъэпкъ прозэм гъуазэ зэрыхуэхъуар.
3. Адыгэм и блэкIа гъунэгъумрэ и нобэмрэ теухуа тхыдэ-философие художественнэ тхыгъэшхуэхэр.
4. КIыщокъуэ А. и «Лъапсэ» романыр: адыгэ бзылъхугъитIым (Дэфэрэдж-анэшхуэмрэ Дэфэрэдж-дохутырымрэ) я образхэмкIэ лъэпкъым и тхыдэ лъэхъэнитIыр зэпыщIа зэрыхъуар.
5. МафIэдз Сэрэбий и тхыдэ прозэр («Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр).
6. ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. Иджырей лъэхъэнэмрэ цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэхэмрэ «Гум псори къонэ» романым зэфIэха зэрыщыхъуар, тхакIуэм и Iуэху еплъыкIэхэр.
7. Лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ тхыдэ прозэмрэ.
8. Тыуаршы А. и прозэр: тхыдэ къэхъукъащIэрэ гурыщIэ къабзэкIэ гъэнщIа «Псыкъелъэм и макъамэхэр» романыр.
9. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Азэмэт», «Къоджэм уигъэжейркъым» роман-дилогиер: лъэхъэнэм и лIыхъужьхэмрэ тхакIуэм и образхэмрэ.
10. 80-90 гъэхэм «къалэ» литературэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр: «гъащIэ купщIэншэмрэ» «тхыдэ купщIэншэмрэ» ехьэлIауэ гъуазджэм иIэ Iуэху еплъыкIэхэр.
11. ЦIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэм, я псэукIэм теухуа социальнэ-публицистикэ прозэр (тхакIуэ зыбжанэм я тхыгъэхэр зэпэлъытын).
12. Художественнэ тхыгъэхэм психологизмэр нэхъ куу щыхъуныр къэзыша щхьэусыгъуэхэр. Пенитенциар (лъэхъуэщ, щхьэхуимыт) литературэм и щэнхэмрэ Елгъэр К. и «Щыуагъэ» романымрэ.
13. «Зи гъащIэ гъуазэр» зыфIэкIуэда (гурыгъыр ижа) цIыхум и образыр лъэпкъ литературэм къыхыхьэныр. Къанкъул Заур «Къалэм дэгъуэщыхьа» и повестыр.
14. Iуэху еплъыкIэ зэхьэлIэгъуейхэр (эклектизм) зэшэлIэныр, апхуэдэхэр художественнэ конфликтым лъабжьэ хуэщIыныр. Мэзыхьэ Б., Елмэс А., КIэрэф М., ШэджыхьэщIэ Хь., КхъуэIуфэ Хь., Ацкъан Р., ХьэIупщы М., Мыз А. сымэ я повестхэмрэ рассказхэмрэ.
15. ЦIыхум и хъуэпсапIэмрэ ар зыхэпсэукI дунеймрэ я зэныкъуэкъур щынэхъыщхьэ лъэпкъ прозэр.

16. ГурыщIэ дахэкIэ, хэIэтыкIакIэ гъэнщIа тхыгъэхэр, апхуэдэ лIэужьыгъуэхэр (повесть-драмэ, повесть-гукъэкIыж, повесть-дневник, повесть-биографие, эссе, н.).
17. 80-90 гъэхэм адыгэ усыгъэр зытета литературэ унэтIыныгъэхэр, нэхъыбэу къиIэта тематикэр, къиIуэта гупсысэхэр (щапхъэхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн).
18. Идеологие зэхуэмыдэхэм Iэнкун ящIа усыгъэр (ЩоджэнцIыкIу I., Нало З., Къагъырмэс Б., КIэмыргуей Т. сымэ 90 гъэхэм къыдагъэкIа усэ тхылъхэр зэпэлъытын).
19. «Усыгъэ IущкIэ (интеллектуальнэкIэ)» зэджэм - философие гупсысэ куухэм тещIыхьа поэзием - совет нэужь лъэхъэнэм зэрызихъуэжар.
20. Бицу Анатолэ и усэхэр: ахэр зэманым зэрыпэджэжыр, яIэ ущиинығъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэр.
21. Адыгэ литературэбзэм зэрызиужьам и щапхъэхэр зыдэплъагъу усыгъэр. Уэрэзей Афлик («ЛIэщIыгъуэхэр зэподжэж», «Гъуэгу махуэ», «Iуащхьэжь», «Кхъужьей къудамэ» усэ тхылъхэр).
22. Социальнэ зэхуэмыдэныгъэм, цIыхухэм яку къыдэхъуэ зэхущытыкIэщIэхэм теухуа усыгъэр (IутIыж Б., Тхьэгъэзит З., Мыкъуэжь А., Къагъырмэс Б., н.).
23. Лъэпкъым хуэпэжыным, хуэлэжьэным, абы и бзэр, и хабзэр, лIэщIыгъуэкIэрэ зэригъэпэща лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр хъумэным къыхуезыджэ (патриотыгъэ зыхэлъ) адыгэ усыгъэр (щапхъэмкIэ къэгъэлъэгъуэн).
24. Лирэ-эпикэ лIэужьыгъуэм игъуэта зыужьыныгъэр (Бещтокъуэ Хь., Нало З. IутIыж Б., Бемырзэ М., Уэрэзей А., Ацкъан Р., нэгъуэщIхэми я поэмэхэмрэ балладэхэмрэ).
25. УсакIуэ ныбжьыщIэхэр: ягъэлъапIэ темэхэмрэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэмрэ.
26. Иджырей сабий литературэ: игъэзащIэ къалэнхэмрэ зыхуэгъэпса мурадхэмрэ.
27. Адыгэ сабий литературэм и нобэрей щытыкIэмрэ и къэкIуэнумрэ ехьэлIауэ щыIэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр.
28. Совет нэужь лъэхъэнэм лъэпкъ драматургием къыхэхъуа лэжьыгъэщIэхэр, ахэр нэхъыбэу зытеухуар, жанрхэм я зэхущытыкIэр.
29. Лъэпкъ комедиографием зыужьыныгъэ нэхъ щIигъуэтам и щхьэусыгъуэхэр (комедие зыбжанэ зэрилъыткIэрэ къэгъэлъэгъуэн).
30. ДызыхэпсэукI гъащIэ теплъэгъуэхэр лъабжьэ зыхуэхъуа драмэ лэжьыгъэхэр (IутIыж Б., Дэбагъуэ М., Думэн М., Тут Т., Къаныкъуэ З., нэгъуэщIхэми я пьесэхэр щапхъэу къэхьын).

## 7. Учебно-методическое обеспечение дисциплины (модуля)

### 7.1 Основная литература


1. Адыгэ литературэм и тхыдэ. Япэ том. Налшык, 2010.
2. Абазэ А. Къэбэрдей тхакIуэхэр. Я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ. Карачаевск, 2011.

3. АбытIэ В. Адыгэ тхакIуэхэр. Черкесск, 2006.
4. Баков Х.И. национальное своеобразие и творческая индивидуальность в адыгской поэзии. Майкоп, 1994.
5. Баков Х.И. Национально-эстетические аспекты изучения адыгской словесности. Нальчик, 2010.
6. Баков Х.И. Борис Утижев: поэт, писатель, драматург. Нальчик, 2010.
7. Гутов А.М. Слово и культура. Нальчик, 2003.
8. Гутов А.М. Константы в культурном пространстве. Нальчик, 2011.
9. История адыгейской литературы в 3-х томах. Майкоп, 1999; 2002; 2006.
10. КIурашын Б.М. Гъуазэ: Литературэ. Культурэ. IуэрыIуатэ. Тхыдэ. Хабзэ. Налшык, 1996.
11. Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр. Н: КъБТТ, 1965, н 352.
12. Къэрмокъуэ Хь.Гъу. Тхыгъэхэр: Литературэ. Культурэ. IуэрыIуатэ. Тхыдэ. Хъыбарыжьхэр. Таурыхъхэр. Налшык, 1997.
13. МэшылI Е.М. Япэ лъэбакъуэ зычахэр. Налшык, 1968.
14. Нало З.М. Лъабжьэмрэ щхьэкIэмрэ. Налшык, 1991.
15. Нало З.М. Ипэрей адыгэбзэ литературэм и антологие. Налшык, 2010.
16. Нало З.М. «Къылышбий Исмэхьил. МафIэм имыса усэхэр». Налшык, 2009.
17. Налоев ЗМ. Из истории культуры адыгов. – Нальчик, 1978.
18. Налоев З.М. Этюды по истории культуры адыгов. – Нальчик, 1985.
19. Нало З.М. Ипэрей адыгэбзэ литературэм и антологие. Налшык, 2010.
20. Налоев З. Институт джегуако. Нальчик, 2011.
21. Очерки истории кабардинской литературы. Нальчик, 1968.
22. Сокъур М.Хь. Тхыгъэхэр. Налшык, 1995.
23. Пщыбий И.Хъ. Гъуэгуанэхэр. Налшык, 1983.
24. Теунэ Хь.И. Къэбэрдей литературэмрэ къэбэрдей тхакIуэхэмрэ. Налшык, 1956.
25. Тхьэгъэзит Ю.М. Зы къуэпскIэ зэпхащ: Статьяхэр. Налшык, 1991.

## 7.2 Дополнительная литература

1. Абазэ Л.Ш. Бжьыхьэ нэпсхэр. Повестхэмрэ рассказхэмрэ. Налшык, 1994.
2. Апажэ А.Г. Зыпэмыплъа лъагъуныгъэ. Налшык, 2001.
3. АфIэунэ Л.А. НэщIэпкIэ. Сабий усэхэр. Налшык, 1991.
4. АфIэунэ Л.А. Псынэ цIыкIу. Усэхэр. Налшык, 1993.
5. АфIэунэ Л.А. ШыщIэ цIыкIу. Усэхэмрэ къуажэхьхэмрэ. Н: Э, 2003.
6. Ацкъан Р.Хь. Усэхэр. Новеллэхэр. Налшык, 1993.
7. Ацкъан Р.Хь. НатIэм кърихха. Налшык, 1997.
8. Ацкъан Р.Хь. ЩхьэегъэзыпIэ. Налшык, 2003.
9. Ацкъан Р.Хь. Усэхэр. Налшык, 2007.
10. Балъкъэр Къ.Ш. Вагъуэзэшибл. Таурыхъхэр. Налшык, 1998.
11. Балъкъэр Ф.Гъу. Усыгъэхэр. ТхылъитIу. Япэ тхылъ. Налшык, 2001. ЕтIуанэ тхылъ. 2002.
12. Балъкъэр Ф.Гъу. Си уэрэдым къыдежьу. Усыгъэхэр. Налшык, 2004.
13. Балъкъыз Б.А. Хьэндыркъуакъуэ космонавт: Усэхэр. Н:Э, 1994, н 22 (саб.)

14. Бахъуэ Б.Т. Нэпсрэ насыпрэ. Повесть. Налшык, 1995.
15. Бахъуэ Б.Т. Адыгэ пщащэр къофэ: Усэхэр. Уэрэдхэр. Налшык, 2001.
16. Бэлагъы Л.Хь. Къудамэ закъуэ. Усэхэр. Налшык, 1992.
17. Бэлагъы Л.Хь. Мывэ сэрей. Усэхэр. Налшык, 1997.
18. Бэлагъы Л.Хь. Дыгъэм и гъуэгу: Поэмэрэ усэхэмрэ. Налшык, 2000.
19. Бэлагъы Л.Хь. Гуащэнэ. Налшык, 2005.
20. Бэлагъы Л.Хь. ГъэунэхупIэ. Налшык, 2008.
21. Бэрбэч З.I. Ашэмэз и бжьамийр. Тхыгъэхэр. Налшык, 2004.
22. Бейтыгъуэн С.Н. ЗыкъызогъэщI. Налшык, 1996.
23. Бещтокъуэ Хь.Къу. Псым щхьэщыт жыг закъуэ. Усэхэр. Поэмэхэр. Налшык, 1991.
24. Бещтокъуэ Хь.Къу. Лирикэ. Налшык, 1993.
25. Бещтокъуэ Хь.Къу. Нэсрэн жьакIэ. Пьесэхэр. Налшык, 1995.
26. Бещтокъуэ Хь.Къу. Дуней телъыджэ. Лирикэ. Налшык, 2003.
27. Бещтокъуэ Хь.Къу. Бжьыхьэ дыщафэ. Усэхэр. Роман-миф. Драмэ поэмэ. Налшык, 2006.
28. Бицу А.М. Усыгъэхэр. Налшык, 1997.
29. Бицу А.М. Псэм и дуней. Налшык, 2003.
30. Бозий Л.А. ТхьэмыщкIэм тхьэр хуэлъэщ. Рассказхэмрэ хъыбархэмрэ. Налшык, 1996.

## 7.8. Программное обеспечение современных информационно-коммуникационных технологий

Учебная дисциплина должна быть обеспечена учебно-методической документацией и материалами. Ее содержание должно быть представлено в сети Интернет или локальной сети вуза (факультета). Для обучающихся должна быть обеспечена возможность оперативного обмена информацией с отечественными вузами, предприятиями и организациями, обеспечен доступ к современным профессиональным базам данных по фольклористике, информационным и справочным системам.

## 8. Материально-техническое обеспечение дисциплины

При изучении курса «Родной язык и литература»» на занятиях используются CD-диски с записями текстов образцовой кабардино-черкесской речи мастеров слова – артистов национального театра.

**Технические средства, необходимые на занятиях:**

1.Мультимедийный компьютер (технические требования: графическая операционная система, привод для чтения-записи компакт-дисков, аудио- и видео входы/выходы, возможности выхода в Интернет; оснащение акустическими колонками, микрофоном и наушниками; с пакетом прикладных программ (текстовых, графических, презентационных)).

2. Мультимедиапроектор.

3. Средства телекоммуникации (электронная почта, выход в Интернет).

4. Ноутбук

5. Видеомагнитофон и комплект портативных цифровых магнитофонов.

**Рабочая программа** одобрена  на заседании кафедры  актерского искусства

Протокол №_1_от 29 августа 2014 г.

Заведующий кафедрой_____________Балкарова Т.Б.

Разработчик:_________доцент Абазов А.Ч.

Эксперт: _________доцент Балкарова Т.Б.